



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics Test, Book 2
March 5–9, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **4**

5–9 mas 2007

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an avèk atansyon.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

31

Madmwazèl Elliott kòmanse mache depi yon pwent Pon Golden Gate la a lòt pwent lan. Distans total la se 8.981 pye. Apre li fin mache sou yon distans 4.765 pye, li fè yon kanpe pou pran repo. Ki kantite pye anplis Madmwazèl Elliott dwe mache pou li rive nan lòt pwent pon an?

Montre travay ou.

Repons _____ pye

Kontinye

32 Morgan ekri modèl nimerik ki anba a.

40, 36, 32, 28, ?

Pati A

Ki pwochen nonb ki pou nan modèl la?

Repons _____

Sou liy anba yo, ekri règ modèl Morgan la.

Pati B

Sou liy anba yo, konplete modèl nimerik la avèk menm règ la selon modèl Morgan la.

Modèl _____ , 22, _____ , _____

33

Sylvia fè 50 foto vakans ete li. Li mete 6 foto sou chak paj albòm foto li. Gen 8 paj nan albòm foto li. Konbyen foto Sylvia genyen ki rete?

Montre travay ou.

Repons _____ foto

Kontinye

34

Pete’s Hobby Shop la vann jwèt modèl. Pete te fè piktogram ki anba a pou montre kantite chak kalite modèl li vann nan mwa me. Pete pa t konplete lejann lan.

LAVANT MODÈL AN ME

Kalite	Kantite ki Vann
Oto	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
Bato	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
Avyon	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
Kamyon	

LEJANN
<input type="checkbox"/> = ? Modèl

Pati A

Nan mwa me, Pete’s Hobby Shop la te vann plis pase 5 **bato** epi mwens pase 10 **oto**. Konbyen modèl ki reprezante nan chak piktogram?

Repons _____ modèl

Pati B

Konplete piktogram nan pou montre ke Pete’s Hobby Shop la te vann 14 kamyon nan mwa me.

35

Caitlin ap fè braslè avèk pèl. Li sèvi ak 39 pèl pou chak braslè.
Konbyen pèl Caitlin bezwen pou fè 4 braslè?

Montre travay ou.


Repons _____ pèl

Kontinye

36

King City ap bati yon nouvo teren jwèt nan yon pak. Dyagram nouvo teren jwèt la prezante sou griy ki anba a.

TEREN JWÈT KING CITY



Pati A

Ki perimèt teren jwèt la an inite?


Montre travay ou.

Repons _____ inite

Pati B

Teren jwèt la ap gen yon balanswa ki enstale nan pati nwasi teren an, jan sa endike anba a.

TEREN JWÈT KING CITY



Ki sipèfisi pati **nwasi** teren jwèt la an inite kare?

Repons _____ inite kare

Kontinye

37

Corey achte yon tranç pitza pou \$3,50 ak yon zoranj pou \$0,75. Li ba kesye a \$10,00. Konbyen lajan ki rete pou Corey resevwa kòm monnen?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Connor, Leah, ak Andrew ap travay nan yon patisri.

Pati A

Nan lendi, Connor met nan fou 36 ponmkèt, epi Leah met nan fou 24 ponmkèt. Sou liy ki anba a, ekri yon fraz nimerik pou montre relasyon ant kantite ponmkèt Connor te met nan fou ak kantite ponmkèt Leah te met nan fou. Sèvik ak swa $<$ oswa $>$ nan fraz nimerik ou.

Fraz nimerik _____

Pati B

Nan lendi, Andrew met nan fou plis pase 1, men mwens pase 6 gato. De fraz anba yo dekri kantite gato Andrew te met nan fou.

kantite gato $<$ 3

kantite gato \neq 5


Konbyen gato Andrew te met nan fou?

Repons _____ gato

Kontinye

39

Mesye Scofield gen yon gwo tab nan atelye li. Longè ak lajè tab la endike nan dyagram ki anba a.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Longè tab la se 12 pye. Ki longè tab la an yad?

Repons _____ yad

Pati B

Lajè tab la se 2 pye. Ki lajè tab la an pous?

Repons _____ pous

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 4
Egzamen Matematik
Liv 2
5–9 mas 2007

Grade 4
Mathematics Test
Book 2
March 5–9, 2007